



## **DEKLARASYON LAFWA LEGLIZ ROS**

1-Nou kwè nan Bib la ki se pawòl ki soti nan Bondye, li san erè, li gen tout otorite nan kesyon lafwa, doktrin ak kijan pou kretyen viv. (Lik 24 :44-47 ; Jan 10 :35 ; 1 Korent 15 :3-4 ; 2 Tim 3 :15-17 ; 1Pyè 1 :10-12)

2-Nou kwè nan yon sèl Bondye ki egziste pou toutan, nan twa (3) pèsòn : Papa, Ptit ak Sentespri. (Lev 19 :2 ; Ezayi 5 :16 ; Mat 3 :16-17 ; Mat 28 :19-20 ; 1 Korent 8 :6 ; Galat 4 :4-6)

3-Nou kwè ke Jezikri te pran nesans pa yon fanm vyèj, e Li se Bondye konplètman menmjan Li se Lòm konplètman. Li te mouri sou yon kwa pou peche nou yo. Li te resisite pamì mò yo, Li monte nan syèl kote Li chita sou bò dwat Papa li e kounya Li se pi gran Sakrifikatè kap entèsede pou nou. (Mat 1 :20-25 ; Lik 1 :26-35 ; Travay 2 :22-36 ; Wom 8 :32-34)

4-Nou kwè ke Lòm te kreye nan imaj Bondye, men li te tonbe nan dezobeyisans ak Bondye. Nan sans sa se sèlman rejenerasyon an ki se travay Sentespri a ki ka fè lòm jwenn Sali ak lavi ki pap janm fini an. (Jan 3 :1-16 ; Jer 31 :31-34 ; Lik 3 :16-17 ; Jan 7 :37-39 ; Efez 3 :14-21 ; 1 Tesalonik 5 :23-24 ; Ebre 4 :9)

5-Nou kwè ke lavi ki pap janm fini an se yon kado Bondye bay san zèv lòm, e se moun sa yo ki kwè e ki resevwa Jezikris kòm Senyè ak Sovè pèsònèl yo ki ka genyen li. (Efez 2 :8-9 ; Jan 3 :16-17)

6-Nou kwè nan yon legliz ki fèt ak manb rejenere, sa vle di moun ki gen matirite pou yo konprann ke yo bezwen Jezikri e yo dwe aksepte Li kòm Senyè yo epi Sovè pèsònèl yo. (2 Korent 5 :17 ; Jan 3 :16-17)

7-Nou kwè nan batèm dlo (plonje nèt nan dlo a) ak nan repa Senyè a (sent sèn) ki se yon selebrasyon ki fè nou sonje soufrans ak lamò Li sou lakwa. Yo se òdonans oubyen sakreman ke Legliz la dwe toujou obsève. Sepandan, nou dwe konnen tou ke se pa ni sous ni mwayen Sali yo ye men pito yo se lòd Senyè a te bay. (Mat 3 :5-17 ; Egzòd 12 :1-14 ; Mat 26 :26-29 ; 1 Cor 10 :14-21 ; 1 Kor 11 :23-32)

8-Nou kwè Senyè nou an Jezikri ap retounen wè pa wè nan yon kò gloriye. Dezyèm retou sa dwe egzije kretyen yo pou yo mennen yon vi dinamik epi zele pou Kris annatandan retou Li. (Jan 14 :3 ; Travay 1 :9-11, 1 Tesalonik 4 :15-17 ; Mat 22 : 7-22 ; Mat 25 :31-46)

9-Nou kwè nan yon kò gloriye lè mò yo va resisite, moun ki eli yo (sa yo ki sove) pral nan syèl la nan felisite etènèl ki nan prezans Bondye, tandike moun ki kondane yo (sa yo ki pa sove) prale nan letan dife ak souf kote yap separe ak Bondye pou tou tan. (1 Tesalonik 4 :13-17 ; Revelasyon 14 :9-11)

10-Nou kwè nan otonomi legliz lokal la genyen. Pa konsekan, legliz lokal la dwe jere pwòp zafè li yo e li pa dwe ap sibi okenn enfliyans lòt gwoup relijiye oubyen òganizasyon. (Revelasyon 3 :8 ; Efez 5 :6-7)

11-Nou kwè maryaj gen yon karaktè sakre jan Bondye te vle li a san paka gen okenn lòt definisyon maryaj la ki dwe fèt ant yon gason ak yon fanm. Anplis, se sèl fòm maryaj tradisyonèl Legliz la aksepte. (Jenèz 1 :28 ; Jenèz 2 :23-24 ; Efez 5 :31-33)

12-Nou kwè Bondye te kreye sèlman de (2) sèks diferan ki se maskilen ak feminen. Tout sa ki pa mache nan lojik Ekriti sa ta defini tankou yon pèvèzyon / abominasyon selon pawòl Bondye a nou jwenn nan Bib la ki pa ka chanje. (Jenèz 1 :26-27 ; Matye 19 :4)